

LEGAL SERVICES OF GREATER MIAMI OFFICES

BIRO PRINSIPAL

3000 Biscayne Boulevard,
Swit 500
Miami, Florida 33137
Telefòn-n (305) 576-0080

BIWO REJIONAL YO

SOUTH DADE LAW CENTER

11285 SW 211 Street, #302
Miami, Florida 33189
Telefòn-n 232-9680
Fax (305) 232-3616

KEY WEST OFFICE

1111 12th Street, Suite 203
Key West, Florida 33040
Telefòn-n (305) 292-3566
Fax(305) 295-3622

NEIGHBORHOOD OFFICES

FLORIDA CITY/HOMESTEAD

NEIGHBORHOOD OFFICE
1600 NW 6th Court
Florida City, FL 33034
Telefòn-n (305) 247-2068
Fax (305) 242-7909
Madi 9:30 am - 11:30 am

LIBERTY CITY OFFICE

MIAMI WORKERS CENTER
6127 NW 7th Avenue
Miami, FL 33127
Telefòn-n (305) 759-8717
2^{em} epi 4^{em} Madi chak mwa



KI JAN POU OU FÉ PRÒP REpons POU OU DEFAN-N TÈT OU NAN YON KA KOTE YO ASIYEN OU NAN TRIBINAL



SE LEGAL SERVICES OF GREATER MIAMI, INC.
KI TE FÈ TI LIV ENFÒMASYON SA-A

I. ENTRODIKSYON

Repons a yon pwose ki fèt kont ou nan tribinal rele (Answer). Pi fò enfòmasyon ou bezwen pou mete yon repons nan tribinal chita nan papye ki ansanm ak pwose-a. Papye sa-a rele (summons) e yo te pote-l ba ou ansanm ak papye pwose-a (lawsuit). Si yo asiyen-w e ou pa reponn nan tribinal, yo ka antre yon (Default) kont ou kote yo deklare-w koupab e pita, yon (Default Final Judgment) kote w-ap pèdi ka-w la.

II. KI LÈ POU METE REPONS NAN TRIBINAL

Papye ki rele (summons) kote yo rele-w lajistis la, di-w si-w gen jiska 20 o sinon 30 jou pou mete repons nan tribinal apre ou resevwa kopi pwose-a. Sie 20yèm o sinon 30yèm jou-a tonbe Samdi, Dimanch o sinon yon jou fèt, ou dwe mete repons ou nan pwochen jou travay ki pi pre-a.

Si-w resevwa yon notis 5 jou kote yo rele-w lajistis pou soti nan kay ou rete-a (eviction), ou gen jiska 5 jou pou mete yon repons, kòmanse konte sou dat yo te pote-l ba-w la. Lè w-ap konte 5 jou yo, pa konte ni Samdi, ni Dimanch ak jou fèt. Mete yon repons sèlman vle di pou al jwenn anplwaye (Clerk) ka-p travay nan kontwa tribinal la, epi di-l ke-w vle mete yon repons (Answer). Anplwaye-a ap pran repons la o sinon la-p voye-w jwenn anplwaye ki ka pran-l nan men-w. Sa pa-p koute-w anyen pou mete yon repons.

Lè-w pra-l mete repons la, pote orijinal la ak de kopi. Anplwaye-a (Clerk) pra-l kenbe orijinal la pou dosye-w ki nan tribinal la. La-p mete yon so ki gen dat ou vinn mete repons la sou kopi-a pou ka kenbe nan dosye pa-w. Poste lòt kopi-a bay bò ka-p asiyen-w lan (Plaintiff), o sinon bay avoka-l.

Biwo tribinal yo nan Miami (Miami-Dade County Clerk's Offices) louvri pòt yo a 9:00 nan matin e yo fèmen a 4:00 nan lapre midi Lendi pou rive Vandredi. Tribinal Distri-a (U.S. District Court) rete louvri jiska 5:00 nan lapre midi, Lendi pou rive Vandredi.

III. SA POU METE NAN REPONS LA

Repons o sinon (Answer) dwe yon repons a chak paragaf ki nan papye pwose-a (lawsuit). Ou dwe di si-w dakò ak si-w pa dakò ak chak paragaf nan papye pwose-a. Si-w pa gen ase enfòmasyon pou reponn yon paragaf, ou dwe ekri ke-w pakonn anyen nan sa ki di-a, o sinon ou pa gen ase enfòmasyon.

Nan repons la, ou dwe mete nenpòt enfòmasyon ki ka pèmèt ou defann tèt ou devan pati ka-p asiyen-w lan. Ou dwe eksplike nenpòt bagay ka-p pwouve-w inosan ak enfòmasyon enpòtan ke lòt bò ka-p asiyen-w lan pa genyen nan pwose-a.

Dènye sa-w dwe fè nan fen repons la se siyen non-w epi mete adrès ak nimewo telefòn ou. Yon lòt bagay ankò, ou dwe sètifye ke-w poste yon kopi repons la bay bò ka-p asiyen-w lan o sinon bay avoka-l. Se pou ekri dat ou poste-l ba yo a tou. Ou dwe siyen non-w anba kote-w sètifye-a.

Men yon ekzanp fòm pou fè repons la ki vini ansanm ak enfòmasyon sa-a. Ou ka ekri tout sa-w vle di nan espas ki nan fòm nan epi mete repons la nan tribinal.

IV. KOTE-W DWE POTE REPONS LA

Pou konnen kote-w dwe pote repons la, gade anlè nan pwose-a. Si pwose-a te fèt nan yon tribinal ki pou zòn (Miami-Dade Circuit Court), lè sa-a repons la dwe ale nan premye etaj tribinal Miami-Dade County ki nan 73 West Flagler Street, Miami, FL.

Si ka-w la te fèt nan tribinal (County Court)ki pou zòn Miami-Dade la, ou dwe gade nimewo ki anlè nan papye kote ya-p asiyen-w nan. Si nimewo ka-a gen "CC", sa vle di ou dwe mete repons ou nan kote sa yo:

ADRÈS TRIBINAL YO

Nimewo ki nan parantèz yo (..) fè-w konnen nan ki tribinal ou dwe ale:

- (5) Dade County Courthouse (Central District)
73 West Flagler Street
Miami, Florida 33130
- (20) Caleb Center (North Central District)
5400 NW 22 Avenue
Miami, Florida 33142
- (23) North Dade Justice Center (North District)
15555 Biscayne Boulevard
Miami, Florida 33160
- (24) Miami Beach Branch (East District)
1130 Washington Avenue
Miami Beach, Florida 33139
- (25) Coral Gables Branch (South Central District)
3100 Ponce De Leon Blvd.
Coral Gables, Florida 33134
- (26) South Dade Justice Center (South District)
10710 SW 211 Street
Miami, Florida 33169
- (21) Hialeah Courthouse (Hialeah District)
11 East 6th Street
Hialeah, Florida 33010

Si ka-w la fèt nan tribinal ki pou zòn Miami-Dade County, epi tou lèt (SP) vini apre nimewo ka-a, fè anpil atansyon lè wa-p li enfòmasyon ki nan pwose-a. Ka-w la nan (Small Claims Court) ki se tribinal pou moun ka-p fè ka ki pa depase \$5,000. Ou pa bezwen mete yon repons nan tribinal. Ou menm, o sinon avoka-w dwe ale nan sa ki rele (pretrial hearing) ki se yon randevou chita tande kote ni ou menm ni lòt bò-a pra-l kontre, nan dat ak lè ki ekri nan papye pwose-a. Nan chita tande sa-a, wa-p wè gen chans pou bagay yo ranje. Ou pra-l konnen ak ki prèv lòt bò-a pra-l parèt nan jijman-an. Si nou pa ka antann nou, lè sa-a ou dwe gen yon dat pou al nan jijman sou ka-w la.

Si ka-w la te fèt nan tribinal ki pou zòn Sid Laflorid (U.S. District Court for the Southern District of Florida), ou dwe mete yon repons ak anplwaye nan tribinal federal (Clerk of the Federal Court) nan premye etaj tribinal ki nan 301 North Miami Avenue, Miami, FL.

V. MIAMI-DADE LAWYER REFERRAL SERVICE

Ou ka kontakte "Miami-Dade Lawyer Referral Service" nan (305) 350-5297 epi ou ka mande pou on avoka a pri redwi ki nan program "Low Cost Panel" lan. Ou dwe peye \$25.00 an advans pou ou ka jwen on referal pou on avoka. Tanpri rele nimero telefòn-n yo pou plis enfòmasyon konsènan sévis sa-a.

